

**IJAMBO RISHIKIRIJWE NA NYENICUBAHIRO UMUKURU**  
**W'IGIHUGU KU MUSI WO GUTANGUZA UMWAKA**  
**W'ISHURE WA ISCAM**

1. Imbere ya vyose twashaka gushimira Imana mushoboravyose, nyen'imbabazi n'ikigongwe yatubungabunze tukaba twongeye guhura turi bazima, ikaba yadushikanye kuri uyu mubarwa wo kwugurura ibirori ngaha mw'ishure ry'Intwazangabo mu Ntwaramiheto ISCAM.

Ko tukiri mu bihe vya pasika, n'ibihe vyeranda vy'amafungo ku ba Islam, reka ndahikike mbonereho no kwongera kwipfuriza abakristu pasika nziza, n'amafungo meza meranda ku ba Islam bese.

Ibi bihe vyeranda ni bitubere ibihe vy'umugisha, dukomeze ukwemera no gutsimbataza mu mitima yacu ico Imana idutegeka: Guhana amahoro no kugendera Ubuntu.

2. Ayo mahoro dushaka ni yo nyene yadukoranije kuko imisi yose uwushaka amahoro ayategurira aho yaramira. Ikaba ari yo mvo dutegerezwa gushinga inzego z'umutekano kugira tubeho twubashwe kuko urugo rutagira umugabo ntakitarukengera. Intwaramiheto nazo ni ingabo z'igihugu, nizo mucungarembo. Ni co gituma zitegerezwa kwerekana igihagararo, n'ubuhizi aho ziri hose nakare ngo n'imbwa yubahirwa amajigo, igihugu naco kikubahirwa ingabo zikirinze. Ingabo niyo majigo y'igihugu, ni co gituma uburongozi bw'igihugu busabwa kuyakarisha neza kugira uwoza wese kudasomborotsa yite ku risongoye.

3. Twaje rero muri ibi birori tuje kwugurura icese umwaka w'inyigisho w'2021 ushira umwaka w'2022 muri Kaminuza y'Intwazangabo mu Ntwaramiheto (ISCAM), twongera kwinjiza mu rwego rwa gisirikare umugwi wa 51 w'imikangara yitegurira kurongora abandi mu nteko z'intwaramiheto, hamwe no gushikiriza impapuro z'umutsindo umugwi wa 47 bashikije ikivi ca mbere c'inyigisho c'intwazangabo kugira baze guhagararira umutekano w'igihugu.

4. Mvuze ikivi ca mbere kuko hariho n'ibindi bivi, ari co gituma tugirako kandi dushikiriza impapuro z'umutsindo umugwi wa 19 w'Intwazangabo mu Ntwaramiheto uheruka guheza ivyigwa mu gisata co gukarahiriza ubwenge intwazangabo zize mu bindi bihugu, hamwe no mu bindi bisata bitandukanye bashikirije indahiro ijanye n'amabanga y'intwazangabo.

- Banyakwubahwa mwese
- Batumire bahire

5. Turashimye amerekero indongozi mu rwego rwo kwivuna abansi bafise ari nayo bashaka kuguma bereka abo barongoye.

Erega mere nka wa wundi ngo: Uwutagira iyo aja ntazimira, ngo ahashitse hose ni ho aba agiye, namwe muterekanye

icipfuzo mushaka gushikako ntimwofata urugendo. None turashimye iki civugo mwadushikirije, mushaka ko coba ngenderwako muri uyu mwaka w'inyigisho.

6. Iki civugo ni ciza kandi kiranezereye kuko gihuye n'intumbero y'igihugu, inzego zose ziriko zigenderako.

« Kaminuza y' intwazangabo mu ntwaremiheto (ISCAM): soko ry' ubumenyi n'ubuhinga bwa none biciye mu bushakashatsi vyo nkingi y'iterambere rusangi mu Burundi ».

Iki civugo mwatoye kijanye neza n'intumbero ya Reta yo gutunganya neza itunga rusangi dukoresheje ubuhinga bwa none kuko butuma intwari ibereye itsimbatara mu gihugu, gusesagura hamwe no kurya ibiturire bigasezererwa burundu mu Burundi.

Dufatanye amaboko rero kuri iki civugo, turora mw'iterambere rusangi. N'aba bashasha nibavyumvireho kuko ni ryo barabara tuzojana.

7. Turahaye ikaze rero umurwi wa 51 w'imikangara yafashe ingingo yo kwinjira mw'ishure ry'Intwazangabo mu Ntwaramiheto ISCAM, ingingo tudakekeranya ko mwafashe mubajije umuzirikanyi kuko iri si ishure kaminuza nk'ayandi, ni ishure muzigiramwo ubumenyi budasanzwe bwo kurinda imbibe z'igihugu c'Uburundi, bibaye ngombwa mukacitangira.

8. Mwaje! Kandi mwaje! Reka mbe ndabagabisha kuko ntimugisubira inyuma; kiretse mwaje kudasotora.

Ubuzima mujemwo si akazi kamwe abenegihugu basanzwe bumva bahamagaye bagatondana ingaragazabumenyi bagiye kurondera ubuzima naho ataco boba bashoboye.

Mweho mwaravyiboneye ko ngaha atari aho gutuma umwana, si ukugaragaza ubumenyi gusa, n'ubushobozi burarimburwa.

9. Ngaha si kuri kaminuza isanzwe kandi si no ku kazi; ubuzima mujemwo ni umuhamagaro. Murasubira murabe neza ku rwinjiriro. Handitse ngo ngaha hinjira uwubishaka kandi abishoboye.

Ndazi ko hari Abarundi bagiseserejwe n'ivyashikiye Uburundi bohava bibaza ko rurya rwandiko rusigura ugukumirana. Haba namba kuko uwinjira ngaha niwe aba yizanye, mbere uwuzanywe bimaze kwibonekeza ko bimuta kuw'amazi. Kanatsinda ntimuje muserukira umuntu n'umwe muje ahubwo kwimenyereza gukorera bose.

10. Kuza ngaha si ukubishaka gusa, kuko urashobora kubishaka kubera agakuku. Agakuku nako kazana ibishobisho, ukinjira utabizi wamara kubibona bikagutera gusubiza umugongo inyuma kandi waje kwiga kudatinya urukamvye.

Erega hariho n'abaza ngaha, mbere bakomeye kandi bafise ubumenyi bukwiye ariko bakaza kuko babuze uko bagira, bakibaza ko ISCAM ari heza kuko wiga wambikwa n'igihugu, ukarya igihugu. Nawe uti nta kazi gasumba karya,

ukabijamwo utabizi. Waje muri ubwo buryo uri mubaje kudutesha umwanya kuko aho bukeru uzosanga ari bindi.

11. Abaza ngaha si iyo migwi ibiri mvuze gusa, hariho n'abaza baje mu vyo bita kwikomeza; bibaza ko uwufise ikigwanisho c'igihugu aba ari igihangange kuko ataramenya amateka yaco.

N'abigishwa ba Yezu mu kumukurikira, bari bazi ko abo bazoba baragendanye ari bo ba mbere bazohatorera akajisho, bazoba bakomeye mu bwami bwiwe. Ariko aho baboneye ayo agorewe imbere y'ubutegetsu, bese barataye baromoka mbere ngo hari umusore yari yamukurikiye, yambaye impuzu ihwahutse yonyene, baramucakira. Na we abatana ya mpuzu, ahunga uko zamuremye.

12. Nagira ndabacire agace, iyo rukamvye, intwaramiheto ibaza iyo umwansi ari kugira aje kumwivuna mu gihe abenegihugu bandi babaza iyo umwansi ari kugira afate inzira ihushanye n'iyo ari.

None rero zirikane neza ivyo mwajemwo, si ukwikomeza. Mumenye ico mukurikiye.

Umuhamagaro wabazanye usaba kwihangana no kurinda rugabo, usaba kwitegurira kwihebera abandi. Guhera ubu ubimenye, naho vyovyuka ubu nyene turajana ku rugamba, nturabe so canke nyoko kuko kuva ubu umuvyeyi ufise ni igihugu.

13. Uwaje kwikomeza nawe, araraba neza ntahave amera nk'umutoto ku gitoki. Niwo wishimye ko ukomeye ko

wegamiye umugabo, ugasanza amababa wishima, bukeye ugasanga wacitse igihunda kandi igitoki kigihagaze.

Ariko ndabaremesheje, ntimutinye kuko mufise imbere yanyu intwazangabo z'akarorero, muzozigirako vyinshi kandi bizobakomeza mu mutima no kugihagararo. Aha muhinjiye muri ibihwahwari ariko muzohasohoka muri intambwe z'Uburundi.

- Mwanyakwubahwa mwese,
- Batumire bahire,

14. Reka ngaruke kuri mwebwe ba rukovongo.

Reka mpere ngaha nyene dushengereye, kugira mfate kano kanya, nshimire indongozi za kaminuza y'Intwazangabo mu Ntwaramiheto ku ngendo imaze kumenyerwa yo gutegura indwi yahariwe iri shure kaminuza kugira ngo imikangara hamwe n'abahejeje inyigisho baronke akaryo ko kwicarana, bamenye neza indinganizo ya kaminuza, bategure neza ibikorwa bazorangura mu buzima bwabo haba mu vyo kwiteza imbere canke guteza imbere igihugu cabibarutse.

Ndazi ko mukora ico muzi kandi mudasamara, kuko nariboneye ko mwama na ntaryo impande y'imikangara twabaragije.

Muragahora mutyo.

15. Turateye intege kandi indongozi za kaminuza ku mwimbu ushimishije mwaronse muri uyu mwaka w'ishure murangije tutibagiye no gushimira abo bose bagize uruhara kugira ngo

uwo mwimbu uboneke, haba mu bushikiranganji bwo kwivuna abansi no gukurikirana abahoze ku rugamba canke mu rwego rwo kwivuna abansi n’ahandi.

16. Imikangara ije gutangura inyigisho muri iri shure kaminuza irafise icitegererezo kuko bakuru babo bababoneye izuba hari vyinshi bamaze gushikako bishimishije.

Igisirikare c’Uburundi kigeze ku rugero rushimishije mu bumenyi n’ubuhinga, kikaba carabaye rurangiranwa mu makungu aho hose cagiye kugarukana amahoro n’umutekano nka Somalia, Centrafrique n’ahandi.

Ntwazangabo mwinjiye muri uyu murwi, muzokwame mwumviriza impanuro z’abo bakuru banyu kandi mwubahe indongozi zanyu. Kugira ngo tugumye akaranga kanye karanga intwaramiheto z’Uburundi kuva kera narindi.

Kuva kera, umurundi yikoze mu gahogo akavuga ati: *“Ngira nzinge impuzu, nzingurure inkindi, ngaragare ku rugamba, ntere abahungu uburakari”* waca umenya ko intsinzi yarara, mere nka babandi.

Uwushaka kubimenya arabaza ivyabereye muri Somaliya aho bita Bakala Market. Ingabo z’Uburundi zahasize umugani ntibagirwa.

17. Igisirikare c’Uburundi ntikibaye bitumwako gusa muri iyi myaka 20 irangiye. Kuva na kera na rindi, abasirikare b’Umwami banye bacungera imbibe z’Uburundi bakaba barivunye umwansi wese yateye igihugu aho aturutse hose.

Abashaka kubimenya barabaza aho izina Kirundo ryaturutse riva.

Arabaza kandi abadagi bari barongowe na Digidigi, aho ingabo z'Uburundi zagwanije abadagi imyaka indwi yose kuva mu 1896 gushika mu 1903.

Ingwano yahagaze habaye ibiganiro vyashitse ku masezerano y'I Kiganda. Bisigura ko Abarundi batatsinzwe ahubwo vyacye mu biganiro, n'aho abadagi baduhenze, bakatunyaga umwidegemvyo wacu.

18. Uyu musu ni akaryo ko kuza turiyibutsa ubutwari bw'Abarundi no kumenya ko Uburundi ari igihugu kiryoshe, intabonwa dutegerezwa gukingira kuko abakinungirwa ni benshi.

Ni kuri icyo ntumbero dutegerezwa kuraba ibintu vyose bituma mu gihugu abantu bashobora kuba ba sindabibazwa, igihugu kikaguma kigeramiwe kubera ibihengeri mu rwuri bitera imfyisi ameru.

Tuvuge cane cane twibanda ku rwego rwo kwivuna abasi.

- Nyakwubahwa Mushikiranganji,
- Nyakwubahwa mukuru w'urwego rwo kwivuna abansi rw'Uburundi,
- Mwanakwubahwa ntwazangabo,

19. Mwebwe ntwazangabo mu Ntwaramiheto muhejeje kuronswa impapuro z'umutsindo, abagiye kurongora abandi hamwe n'abagiye gukarihiriza ubwenge abandi, ntitwoba



twihenze tuvuze ko akazi kanyu koroshe kuko muje musanga abababoneye izuba baramaze kumena umushike kandi ko amahoro n'umutekano birangwa mu gihugu cose.

Nk'abandi Barundi bose, ingwano muhamagariwe kurwana ni ingwano yo kuwanya ubukene kugira ngo ihangiro twiyemeje turishikeko: "Igihugu gifise iteka n'itekane imbere y'amakungu, kandi kiri mu bihugu vyifashe".

Kugira ivyo tubishikeko bisaba uburongozi bwiza, bubungabunga itunga rusangi kandi bufise indongozi zija imbere mu bikorwa n'abenegihugu bakerebutse mu bikorwa.

20. Kurongora abandi no gukarahiriza ubwenge abandi si igikorwa coroshe, bisaba ubwitonzi ntangere no kwama hafi abo mujejwe.

Mutegerezwa kwama mwumviriza impanuro za bakuru banyu no gukurikiza amategeko agenga akazi kanyu, mutibagiye gutega amatwi abo murongoye kuko abo mutunganiriza nabo burya barafise ico bafise bobunganira.

Intwazangabo y'ukuri yamana n'abo irongoye bagafatana mu nda kanatsinda ni we kimenyetso c'ubumwe n'umwumvikano mu nteko. Erega Intwazangabo nayo itanga akarorero.

21. Muri iki gihe c'amahoro, urwego rwo kwivuna abansi niho ruronka akaryo ko kuzitira imvo zose zotuma abantu bagira umutima uhagaze.

Nababwiye ko muri intambwe mu Burundi, mukaba ari mwebwe mutuma abenegihugu barema. Ni co gituma, mutoguma mu myimeneyerezo gusa, ahubwo mwoza

muregera abenegihugu mugakorana mu bikorwa vy'iterambere.

22. Kuri iyo ntambwe, turakenguruka ko mwafashe iya mbere mu gukorana n'abenegihugu mu gukingira ibidukikije. Uretse n'ivyo narabonye ko mwamaze gukura amaboko mu mpuzu mu bindi bikorwa vy'iterambere.

Ni mugume kuri iyo ngendo kuko niyo izotuma abenegihugu babizera, bitume babiyumvamwo, umwansi wanyu abe rwabo kubera urwo runani.

- Banyakwubahwa mwese
- Batumire bahire

23. Nk'uko twabibabwiye, intambara y'amasasu yaraheze mu gihugu cacu, tukaba twipfuzaga ko yosigara ivugwa nk'umugani mu karere hamwe n'ibihugu duhana imbibe.

Nkuko nabibabwiye, Uburundi ntiburota busotora ibindi bihugu. Ni co gituma tuzoterera ibishoboka vyose kugira ibihugu tubana na vyo bironke amahoro kuko ubonye inzu y'umubanyi ihiye urihutira kuyizimya kugira iyiwawe ntifatwe.

Erega ahari akajagari niho inkozi z'ikibi zihisha.

Turahimbawe ko icyo cyafuzo c'Uburundi tugihurizako n'ibihugu vyo mu muryango w'ibihugu vya Afrika y'ubuseruko nk'uko inama duherukamwo ivyerekana.

24. Aho tugeze mu ntwaro ya Demokarasi si aho hoba abagikoresha igikenye kugira bashikire ubutegetsi kuko biruguruye.

Uretse n'ivyo, aha iwacu I Burundi, ababona hari agahaze mu gutunganya ivy'igihugu baragashikiriza kuko twamana n'abenegihugu mu biganiro kandi ntawukumirwa, canke ngo aturubikwe ngo ni uko yashikirije iki canke kiriya.

Abafise ico banegura bose barugururiwe ndetse n'uwudashaka kuvugira ahabona twaruguruye uburyo bwo kuvuga kuko na jewe narabugururiye bose, tuvugana nk'abavandimwe. Ivyo bituma bose biyumva. Ntihagire rero uwusubira guhendwa ngo aduteshe umwanya.

25. Mu karere kacu rero, Ishirahamwe ry'ibihugu EAC riheruka kwakira mu muryango umuzimyamuriro mushasha, Repuburika Iharanira Demokarasi ya Kongo (RDC).

Kubera ko ubuseruko bw'ico gihugu twasanze haramunzwe n'intambara ziterwa n'imirwi y'abarwanyari bava muri RDC nyene, mu Rwanda, mu Burundi na Uganda ndetse no mu bihugu vyo mu karere; duheruka gufata ingingo yo gutuza iyo mirwi kugira ngo tugarukane amahoro mw'ishirahamwe ryose.

26. Ni co gituma inama y'abakuru b'ibihugu yasavye ko mu igihugu ca Repubulika ya Demokarasi ya Kongo imirwi yose ihagarika ingwano, hagatanguzwa ibiganiro ata murwi n'umwe uvuyemwo.

Muvyavuzwe muri ivyo biganiro kandi bose bahurijeko ni umutekano muke uterwa n'imirwi y'abanyamahanga FDRL, ADF, Red Tabara, FNL n'iyindi. Bakaba basavye ko abo bose bayigize botuzwa bagataha mu bihugu vyabo.

27. Ni navyo inama y'ibihugu vyo muri uyu muryango yari yasavye, mbere isaba ko natwe tubahamagarira gushira hasi ibigwanisho, batahe ku neza. Bigize akagaramaruganda naho, inama yafashe ingingo ko mu muryango tugiye gushinga inteko z'akarere zizoca zishingwa gutuza iyo migwi.

Abakuru b'inzezo zo kwivuna abansi basabwe ko mu kiringo c'indwi zibiri bazoba bakoranye kugira mu kwezi babe bashikirije inama y'abakuru b'ibihugu indinganizo y'ingene urwo rugamba ruzogenda.

28. Ku ruhande rw'Uburundi rero, twiteze bibiri. Kubakira batashe ku neza canke kubasanga mu kibundo cabo muri R.D. Congo.

Naho nyene birashoboka ko baza nk'ivyihebe baje kwica abantu. Aho naho nyene ni ukubitegurira neza, tubatunganirize biciye mu nzira bazoba batoye. Ico tuzi ni uko ata bushobozi bafise bwo kudutobera kuko igihe biyubaka nivyo bashaka ariko vyarabananiye baca baja kwinyegeza aho babona ko vyoroshe kuba.

29. Ariko rero kubera ubuvyeyi kandi tukaba twemera ko ari mu ca bavyaye, hamwe botaha ku neza, twotunganya ingene tubasubiza mu zabo twabanje kubakuramwo uwo mutima w'ubukoko mu nyigisho zo gukunda igihugu cakuvyaye.

Turazi ko abakuru babo ari intagondwa. Twagomba gutera akamo abo bana b'igihugu bakwegewe mu bitagira akamaro, ko bobo bokwitahira kandi tuzobakira nk'abana mu muryango. Uko biri kwose baguma ari abana bacu, ntaho tubata.

30. Ikindi ntoheza iri jambo ntavuze ni uko ingabo zacu ari bitumwako mu kugarukana umutekano mu makungu. Mwame mwiteguriye gufasha ibihugu bikeneye amahoro kuko nta kindi dufise twoterera kuruta kuvyitangira.

Ikizira ni uko twoja gufasha abasambura ibihugu.

31. Dusavye dushimitse kugira ngo umusirikare wese Reta izokwikorako azobandanye yerekana ubwitonzi n'ubuhinga bwamye buranga intwaramiheto z'Uburundi, gurtyo tugarukane amahoro mu bihugu vy'Afrika tutibagiye no kubasabikaniriza ubumenyi dufise mu vyerekeye guteza imbere imiryango n'igihugu.

- Banyakwubahwa mwese
- Batumire bahire

32. N'aho dushima intambwe n'umwimbu bishimishije mugezeka, ntitwokwiyobagiza ko hakiri utukibabakiye kandi na mwebwe mwashikirije intambamyi mufise zituma mudashobora kurangura neza ivyo vyose muba mwariyemeje gukora. Ariko turashima ko mudacika inkokora, muguma ku kivi. Nakare ngo intwaramiheto nziza ni iyimenya ibihe igezemwo, ikavyifatamwo nk'uko bibereye.

33. Reka nce ku mayange ivyo mbona ko Abarundi bibazako vyinshi:

- Umugambi wo gutunganya neza ikigega c'igihugu: Twasanze hama havurwa ko Uburundi bukenye ari uko batabona ivyo

butunze kandi twasanze twari tuzi ko ku wa mbere mukakaro twese twabona ko duhereye ku busa. Ivyo vyerekana ko ari igihugu kitamera kubona umwaka uhera ataco dufise. Kwegeranya ubwo butunzi amahera yose yinjire, gutunganya ingene bukoreshwa, gurtyo bwose bukoreshwe ku neza ya bose niyo ntumbero twihaye.

- Ibijanye na Exode rural: Tugiye gutunganya intara ku buryo zishobora kwitunganiriza imigambi maze uburyo ntibugume mu ruhande rumwe rw'igihugu, mu bisagara gusa, gurtyo ubutegetsu tubwegereze abanyagihugu koko, ivyo bizotuma intara zitunganiriza imigambi zitere imbere, ca kigeza ca Reta kizunganire.
- Ibijanye n'umutekano ku muntu umwe umwe wese(sécurité individuelle), gutunganya neza icyo gisata kugira abantu bose batunganirwe maze abacunga umutekano bareke gukwiragira ku muhana ku muhana, uwufise umutekano muke abishikirize maze ababijejwe uwo mwansi bamutuze
- Kwubahiriza uruja n'uruza ku mabarabara, maze n'abajejwe umutekano kibe ikibazo kibaraba
- Tubwirizwa kurwanya akajagari, ubugunge, akarenganyo, igiturire niho tuzotorera umuti ibibazo vyose mwashikirije.

34. Ku bwacu ivyo bibazo vyanyu ni vyacu.

Duhiriwe duhishije kuko kubera intumbero yo kurwanya ibiturire no gutunganya neza itunga rusangi, integururo y'amafaranga azokoreshe mu mwaka w'2022-2023 yategekanije kuduza amafaranga yakoreshejwe muri uyu mwaka turiko turasozera mu nzego z'umutekano.

N'aho atawutorera umuti ibibazo vyose ica rimwe, turizeye ko uburyo bwateguwe buzobafasha gukora ibitari bike mu vyo mwashikirije.

Mwame gusa mwibuka gutondesha ibija imbere kurusha ibindi. Tubituse ko nko ku bijanye n'inyubako, ubu ntibikizimvye cane kuko turavyikorera.

35. None rero, imbere yo kurangiza, twashaka tugende tubatekeyeye impanuro muzogenderako mu bikorwa vyanyu vya misi yose:

a) Nk'uko uburongozi bw'igihugu bwashize ineza y'abenegihugu imbere, turasavye ko mwoba aba mbere mu kwerekana ko abenegihugu ari abagenzi. Bababonemwo pfampfe kugira babagirire umwizero.

Ivyo ndabivuze kuko nabigize umwitwarariko igihe nabona ko hari ababona bafise ibikoresho vy'umutekano bagaca babona ko baruta abandi, bakagenda babacisha ku buhomba.

b) Mwebwe mutegerezwa kumenya umwansi n'umukunzi kugira mumenye uwo musingira n'uwo mwivuna.

Abo musingira bakabasaba abajewe umutekano, murabanza mutohoze neza uwo babona ko ari umwansi kugira ntumuhave musanga muhaye abajewe umutekano abagiye guhonyora ku gakanu abandi; bamwe bavuga ngo ni ukwikomeza.

c) Mumenye neza guperereza inkozi z'ikibi, ntizibace mu ryahumye kuko ubu bariharaje kubiba ivyambarwa vyanyu

ngo biyoberanye mu bajejwe umutekano, baheze bakore ikibi ata camira. Ndetse hari n'abataye umurongo baja mu bukozi bw'ikibi kuko bazi ko babita intungane. Murikanure rero.

d) Turasavye ngo umwe wese muvyo ajejwe atunganirize bose ata nkunzi canke adasavye igiturire.

Igihe cose uwo mujejwe afashwe mu caha, mutegerezwa kumuhana mwisunze amategeko kuko umuvyeyi mwiza ni uwutarera umwana tambuka uze ino.

e) Mumenye ko mwebwe mufise ubutumwa bwo kwubahiriza amategeko.

Muzokwame mugendera ubutungane aho muri kuko ivyatugoye muri kahise vyavuye kenshi ku gikenye no mu kudatunganiriza bose.

Mwame muzi ko ubutegetsu ari amategeko, ntitwoshobora gusanura neza igisata c'ubutungane mu kugwanya kudahana, abafise mu ntoke inguvu z'igihugu badafashe iyambere.

Igihugu kidashoboye gukingira abenegihugu, ngo gikurikirane abarenga amategeko ngo congere kibahane, kiba carapfuye kuko muri co urubanza ruba rukukira uwiganje. Mu kwubahiriza amategeko rero, ntakugira nkuzi canke ngo naka ni igihangane. Bose barangana.

f) Muri iki gihe impunzi z'Abarundi zari zisigaye ziriko ziratahuka, baba abenegihugu bafise ico bagirizwa canke



abandi bitahiye muzabo; murasabwe gukora ibishoboka vyose kugira ngo umwe wese atunganirizwe.

Ntimureke ngo urwafu n'ururo bikurane kuko mu bijanye n'agateka ka zina muntu, urwafu rwohava rurya ururo kandi mu mategeko umuntu akingirwa atarahoterwa.

g) Vyaragaragaye ko hari abasirikare bo mu rwego rw'intwazangabo bagize uruhara mu rudandazwa rwo mu kinywabi, haba mu kurukora canke gukingira ikibaba abarukora cane cane baciye mu kiyaga Tanganyika. Nta kibabaje nko kubona abari bakwiye guhana no guhanura abakora ivyaha aribo baja imbere mu kurenga amategeko, tukaba tugabishije uwuzofatwa ko ingingo ruhasha zizoshirwa mu ngiro.

h) Turabasavye mubandanye wa mugambi uhisha iteka urwego rwo kwivuna abansi “Ewe Burundi Urambaye”, ariko mwibuke gutera ibiti bibana n'indimo tutibagiye guca imikobeko ku misozi ihanamyeye kugira ngo dukingire isi. Kugira tumenye ko twashitse kw'ihangiro, amazi y'Uburundi azokwama ari umusarara.

- Banyakwubahwa mwese
- Batumire bahire

36. Ngo kuvuga menshi si ko kuyamara, noneho turacari kumwe mu bikorwa vya misi yose.

Ariko reka nsozere mu gukengurukira ubugirakandi indongozi za Kaminuza y'Intwaramiheto mu Ntwaramiheto ISCAM ku butumire mwaduhaye bwo kuza kwifatanya namwe muri bino birori bihimbaye.

Twongere kandi dushimire, abigisha bose n'ababafasha mu gutunganya imirimo ya misi yose ku kigoro kadasanzwe bagira mu kuronsa ubumenyi abanyeshure mu bisata bitandukanye.

37. Turashimiye kandi abantu bose baba muri ISCAM hamwe n'abaharangurira imirimo yabo ya misi yose, tutibagiye abateguye uru rubanza. Turabakeje mwese ku nteguro nziza y'ibi birori bibereye ijisho.

38. Kubera ubwo bukengurutsi, nanje ndagabiye iki kigo ca kaminuza y'intwaramiheto ishashi zibiri z'inka kugira namwe muronke izivuga mu rugo. Nsave Imana mushoboravyose ngo zizobaramire.

39. Turakengurukiye ibihugu bifashanya n'Uburundi mu guteza imbere intwazangabo z'Uburundi haba ibiri um karere, ku mugabane wa Afrka , aziya, uburaya na Amerika

40. Ni no kuri ayo majambo dusozereyeko, twuguruye icese umwaka w'ivyigwa w'ibihumbi bibiri na mirongo ibiri na rimwe ushira umwaka w'ibihumbi bibiri na mirongo ibiri na kabiri (2021-2022) muri Kaminuza y'Intwazangabo mu Ntwaramiheto ISCAM.

**Imana ibahezagire**

**Murakoze**